


5 KARAKTERISTIK SOU LAWOUJÒL

1YE KARAKTERISTIK: LAWOJÒL SE YON MALADI KI TRÈ KONTAJYE KI KOZE PA YON VIRIS



Lawoujòl gaye nan lè a lè yon moun malad **touse oswa estènye**. Viris la ka rete nan lè a jiska 2 èdtan apre yon moun ki gen lawoujòl kite espas la.



Anviwon **9 sou 10** moun ki pwoche bò yon moun ki gen lawoujòl ap vin enfekte si yo **pa** gen iminite.

2YÈM KARAKTERISTIK: LAWÒJ KA GRAV



Lawoujòl kapab **danjere**, sitou pou **tibebe ak timoun piti**.




Anviwon 1 sou 5 moun ki pran lawoujòl pral **enten lopital**.



Lawoujòl ka lakòz **nemoni** (yon enfeksyon grav nan poumon), domaj nan sèvo, soud, ak lanmò.



Ansèfalit. Apeprè 1 timoun sou chak 1,000 ki pran lawoujòl ap devlope ansèfalit (anfleman nan sèvo a). Sa ka fè timoun nan soud oubyen li gen yon andikap entelektyèl.



Lanmò. Prèske 1 a 3 sou chak 1,000 timoun ki enfekte ak lawoujòl ap mouri akòz konplikasyon respiratwa ak newolojik.

3YÈM KARAKTERISTIK: SENTÒM LAWOJÒL YO



Gwo lafyèv



Tous



Nen k ap koule



Je wouj ak/oswa je kap koule dlo




Gratèl

4YÈM KARAKTERISTIK: PI BON FÒM PWOTEKSYON AN SE VAKSINASYON



- Pi bon fason pou pwoteje kont lawoujòl se avèk vaksen **MMR (lawoujòl-oreyon-ribeyòl)** la.
- **De dòz** vaksen MMR la efikas **97%** pou anpeche enfeksyon lawoujòl.



Yo rekòmande pou timoun yo resevwa **2 dòz** vaksen MMR la:

- **Premye dòz** la lè laj **12 rive 15 mwa**
- **Dezyèm dòz** nan laj **4 rive 6 an** (anvan antre lekòl)

5YÈM KARAKTERISTIK: VAKSEN MMR LA OFRI PWOTEKSYON POU TOUT VI



Pifò moun ki pran vaksen MMR la ap **pwoteje pou tout lavi**.

Lè w pran vaksen an, sa ede **pwoteje kominote w la** lè l anpeche pwopagasyon epidemi yo.

Pou w konnen **sitwa vaksen MMR pitit ou a**, vizite <https://www.vdh.virginia.gov/immunization/request-immunization-record/>
Si ou bezwen èd pou **jwenn yon vaksen** pou pitit ou a, vizite: <https://www.vdh.virginia.gov/immunization/provider-locator/>
Pou **apran plis** sou lawoujòl, vizite: vdh.virginia.gov/measles